 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 1 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

MO KLE: Èd Finansyè

OBJKEKTIF/KONTEKS:

University of Maryland Medical System ("UMMS") angaje li nan bay èd finansyè a moun ki gen bezwen swen sante epi ki pa gen asirans, ki pa byen asire, ki pa kalifye pou yon pwogram gouvènmantal, oswa otreman ki pa kapab peye, pou swen ijan ak medikal nesèsè sou baz sitiyasyon endividyèl finansye yo.

APLIKABILITE:


ELIJIBILITE POU PWOGRAM NAN

Selon misyon pou yo delivre bon kalite sèvis swen sante ak konpasyon epi pou defann moun ki pa gen mwayen pou peye pou swen medikal ki nesèsè, lopital UMMC, MTC, UMROI, UMSJMC, UMBWMC, UMSMCC, UMSMCD, UMSMCE, UMCRCMC, UCHS, ak UM Capital yo fè efò pou garanti posiblite finansye moun ki bezwen sèvis swen sante pa anpeche yo chache oswa resevwa swen.

Esklizyon espesifik pou pwoteksyon nan kad pwogram Èd Finansyè a:

Pwogram Èd Finansyè a jeneralman aplike nan tout swen ijans ak lòt swen medikal ki nesèsè yo bay nan chak lopital UMMS; Sepandan, Pwogram Èd Finansyè a pa aplike pou okenn nan bagay sa yo:

1. Sèvis moun jwenn nan men pwofesyonèl lasante ki pa afilye ak lopital UMMS yo (paregzanp, ekipman medikal dirab, sèvis sante adomisil).
2. Pasyan ki gen pwogram oswa politik asirans yo refize kouvèti sèvis pa mwayen konpayi asirans yo (paregzanp, HMO, PPO, oswa Konpansasyon Travayè), pa kalifye pou Pwogram Èd Finansyè a.
 - a. Jeneralman, Pwogram Èd Finansyè a pa disponib pou peye pou sèvis konpayi asirans lan refize peye pou pasyan an; sepandan, eksepsyon gen dwa fèt selon ka a, selon enplikasyon medikal ak pwogram yo.
3. Sèvis kosmetik oswa lòt sèvis ki pa nesèsè sou plan medikal.

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 2 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		


4. Atik pou konfò pasyan.
5. Manje ak lojman pasyan.
6. Bòdwo doktè ki gen rapò ak dat sèvis yo ki eskli nan règleman sou èd finansyè UMMS sa a. Pasyan ki vle jwenn èd finansyè pou bòdwo doktè a ba yo dwe kontakte doktè a dirèkteman.
 - a. Yon lis founisè, lòt ki pa lopital UMMS li menm, kap bay swen medikal ki nesèsè nan chak lopital UMMS ki presize kilès nan founisè yo pa kouvri pa règleman sa a (ansanm ak sèten founisè sa yo ki kouvri) yo ka jwenn sou sit entènèt chak antite UMMS yo.

Pasyan yo ka pa kalifye pou Èd Finansyè pou rezon sa yo:

1. Genyen asirans nan yon pwogram HMO, PPO, Konpansasyon Travayè, Medicaid, oswa lòt pwogram asirans ki refize aksè nan Sant Medikal la akòz restriksyon / limit plan asirans lan.
2. Refize fè evalyasyon pou wè si li kalifye pou lòt pwogram èd anvan li soumèt yon aplikasyon bay Pwogram Otorizasyon Finansyè a.
3. Refize divilge enfòmasyon ki gen rapò ak yon reklamasyon responsablite legal ki annatant.
4. Se yon sitwayen-etranje kap vwayaje Ozetazini e kap chèche swen medikal ochwa, ki pa ijan.

Pasyan ki vin pa kalifye pou pwogram nan pral oblije peye nenpòt ki balans ki genyen e yo gen dwa voye yo nan yon sèvis move dèt si balans lan rete san peye nan delè yo te antann nan.

Sòf si yo satisfè kritè Elijibilite pou Èd Finansyè Prezonptif, pasyan yo pral oblije soumèt yon aplikasyon pou Èd Finansyè konplè (avèk tout enfòmasyon ak dokiman yo mande yo) epi yo detèmine yo kalifye pou èd finansyè yo pou yo ka jwenn èd finansyè. Pasyan ki deklare yo pap travay e yo pa gen asirans oblije soumèt yon Aplikasyon Èd Finansyè sof si yo satisfè kritè Prezonptif Kalifikasyon Èd Finansyè yo. Si pasyan kalifye pou asirans COBRA, Konseye/Kowòdonatè Finansye a dwe revize kapasite finansye pasyan an pou peye prim asirans COBRA yo e rekòmandasyon dwe fèt bay Direksyon Siperyè yo. Yo dwe ankouraje moun ki gen kapasite finansye pou yo achte asirans sante pou yo fè sa, pou yo kapab jwenn aksè a sèvis swen sante e pou sante pèsònèl jeneral yo.


 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 3 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

Moun ki gen revni jiska 200% nan limit Elijibilite revni Pri Swen Redwi (“MD DHMH”) Administrasyon Planifikasyon Asistans Medikal Depatman Sante Eta Maryland ak Planifikasyon Asistans Mantal yo kalifye pou swen gratis. Moun ki ant 200% a 300% nan MD DHMH yo kalifye pou rabè sou yon echèl glisman, jan sa endike nan Atachman A.

Èd Finansyè Prezonptif

Yo gen dwa konsidere Pasyan yo tou pou Elijibilite Prezonptif pou Èd Finansyè. Gen sikonstans kote yon pasyan gen dwa sanble li kalifye pou èd finansyè, men pa gen fòm èd finansyè nan dosye a. Pasyan oswa lòt sous bay ase enfòmasyon ki bay ase prèv pou yo bay pasyan an èd finansyè. Sizoka pa gen prèv pou montre yon pasyan kalifye pou èd finansyè, UMMS rezève dwa pou sèvi ak ajans ekstèn oswa enfòmasyon pou detèmine kantite lajan estimasyon revni yo pou founi baz detèminasyon elijibilite èd finansyè ak pousantaj swen potansyèl redwi yo. Yon fwa yo detèmine sa, akòz nati sikonstans prezonptif yo, sèl èd finansyè yo gen dwa bay se eliminasyon a 100% balans ki sou kont lan. Elijibilite Prezonptif pou Èd Finansyè va sèlman kouvri dat espesifik pasyan an te jwenn sèvis yo. Yo gen dwa detèmine elijibilite prezonptif sou baz sikonstans endividyèl lavi yon moun, tankou paregzanp:

- a. Èd Medikal ki aktif ki kouvri depans nan famasi
- b. Asirans Medicare pou Revni Fèb (SLMB)
- c. Pwoteksyon Swen Primè pou Granmoun (PAC)
- d. Moun ki pa gen kay
- e. Pasyan Asistans Medikal ak Swen Jesyon Medicaid pou sèvis yo bay nan ER ki depase pwoteksyon pwogram sa yo
- f. Montan depans Asistans Medikal
- g. Elijibilite pou lòt pwogram èd onivo leta oswa onivo lokal
- h. Pasyan mouri san yo pa konnen ki byen li kite dèyè
- i. Pasyan yo jwenn ki satisfè kritè elijibilite ki etabli anba anyen Pwogram Asistans Medikal Eta Sèlman
- j. Moun ki pa sitwayen ameriken e ki pa kalifye
- k. Sèvis Asistans Medical ki pa elijib pou pasyan ki elijib pou Asistans Medikal
- l. Pasyan yo pa idantifye (Kont ki pa gen non, apre yo fè tout efò posib pou idantifye moun nan)
- m. Fayit, selon sa lalwa di, jan tribinal federal yo mandate sa
- n. Pwogram St Clare Outreach pou pasyan ki kalifye yo
- o. Pwogram UMSJMC Maternity pou pasyan ki kalifye yo

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 4 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

p. Pwogram UMSJMC Hernia pou pasyan ki kalifye yo

Sèvis oswa kritè espesifik ki pa elijib pou Èd Finansyè Prezontif gen ladan:


a. Pasyan ki pa gen asirans e ki te jwenn swen nan Depatman Dijans lan, gras a yon Petisyon Dijans, pap sou konsiderasyon pou pwogram èd finansyè prezontif la, toutotan pwogram Maryland Medicaid Psych pa resevwa bòdwo.

RÈGLEMAN:

Regleman sa te jwenn apwobasyon Konsèy UMMS Executive Compliance Committee (ECC) a nan dat 19 oktòb 2020. Règleman sa a aplike nan lopital sa yo ki nan University of Maryland Medical System ("lopital UMMS"):

- University of Maryland Medical Center (UMMC)
- University of Maryland Medical Center Midtown Campus (MTC)
- University of Maryland Rehabilitation & Orthopaedic Institute (UMROI)
- University of Maryland St. Joseph Medical Center (UMSJMC)
- University of Maryland Baltimore Washington Medical Center (UMBWMC)
- University of Maryland Shore Medical Center nan Chestertown (UMSMCC)
- University of Maryland Shore Medical Center nan Dorchester (UMSMCD)
- University of Maryland Shore Medical Center nan Easton (UMSME)
- University of Maryland Charles Regional Medical Center (UMCRMC)
- University of Maryland Upper Chesapeake Health (UCHS)
- University of Maryland Capital Region Health (UM Capital)

Se règleman lopital UMMS yo pou yo ofri Èd Finansyè ki baze sou povrete oswa gwo depans medikal pou pasyan ki reponn a senten kritè finansye espesifik e ki mande pou asistans sa. Objektif deklarasyon sou règleman ki annapre a, se pou esplike kijan aplikasyon pou Èd Finansyè a ta dwe fèt, kritè pou elijibilite, ak etap tretman aplikasyon an.

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 5 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

UMMS pral afiche avi sou disponiblite èd finansyè nan chak sal ijans (si genyen) ak zòn admisyon, ansanm ak Biwo Faktirasyon lopital UMMS yo. Y ap voye avi sou disponiblite an bay pasyan yo tou, ansanm ak bòdwo pasyan yo. Y ap mete siyalizasyon nan prensipal zòn aksè pasyan yo. Y ap bay yon fèy enfòmasyon sou bòdwo ak èd finansyè pou pasyan yo anvan egzeyat la, epi li (ansanm ak règleman sa a ak demann èd finansyè a) ap disponib pou tout pasyan yo si yo mande yo e san frè, alafwa pa lapòs epi nan sal ijans lan (si sa aplikab) ak zòn admisyon yo. Règleman sa a, Fèy Enfòmasyon sou Faktirasyon Pasyan ak Èd Finansyè, epi Aplikasyon Èd Finansyè a pral afiche yon fason byen vizib sou sit entènèt UMMS (www.umms.org).

Yo gen dwa ofri Èd Finansyè apre yo fin revwa e dokimante sikonstans finansye endividyèl yon pasyan. Sa ta dwe gen ladan yon analiz depans ak dèt medikal yon pasyan genyen deja (san bliye nenpòt ki kont ki vin tounen move dèt, eksepte kont sa yo ki te al nan pwosè e ki te jwenn jijman) e nenpòt ki depans medikal yo pwojete. Aplikasyon pou Èd Finansyè ka ofri bay pasyan ki gen kont yo nan yon ajans rekouvremant.

UMMS konsève dwa nan diskresyon sèl li menm genyen pou li detèmine kapasite yon pasyan pou li peye. Y ap trete tout pasyan ki prezante pou sèvis ijans kèlkeswa kapasite yo pou yo peye. Pou sèvis dijans, yo pral konplete, resevwa, e evalye aplikasyon pou Pwogram Otorizasyon Finansye a (Financial Clearance Program) apre, e sa pa pral bay reta pou pasyan an resevwa swen.

Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Saint Joseph Medical Center (UMSJMC) anviè 1 Jwen 2013.

Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Medical Center Midtown Campus (MTC) anviè 22 Septanm 2014.


Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Baltimore Washington Medical Center (UMBWMC) anviè 1 Jiyè 2016.

Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Shore Medical Center at Chestertown (UMSMCC) anviè 1 Septanm 2017.

Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Shore Medical Center at Dorchester (UMSMCD) anviè 1 Septanm 2017.

Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Shore Medical Center at Easton (UMSMCE) anviè 1 Septanm 2017.

Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Charles Regional Medical Center (UMCRM) anviè 2 Desanm 2018.


 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 6 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Upper Chesapeake Health (UCHS) anvigè 1 Jiyè 2019


Yo te adopte règleman sa a pou University of Maryland Capital Region Health (UM Capital) anvigè 18 Septanm 2019

PWOSEDI:


1. Genmoun yo deziyen ki pral responsab pou resevwa aplikasyon Èd Finansyè yo. Anplwaye sa yo ka Konseye Finansye, Kowòdinatè Kont Finansye Pasyan, Reprezantan Sèvis Alakliyantèl, elatriye.
2. Nap fè tout efò posib pou bay otorizasyon finansyè anvan dat sèvis la. Kote sa posib, anplwaye yo deziyen yo ap rele nantelefòn oswa rankontre pasyan ki mande Èd Finansyè pou wè si yo satisfè kritè preliminè pou asistans.
 - a. Anplwaye a pral verifye elijibilite pasyan an avèk pwogram Medicaid la pou Pèman Pèsonel pasyan an “Self-Pay” pou verifye si pasyan an gen asirans.
 - b. Done preliminè yo pral nan yon sistèm echanj done yon lot pati pou detèmine elijibilite pwobab. Pou ede pwosesis la, chak aplikan dwe bay enfòmasyon sou kantite moun ki nan fanmi an e revni yo. Pou ede aplikan konplete pwosesis la, nap bay yon aplikasyon ki pou fè yo konnen ki papye nou mande pou yon desizyon final sou elijibilite.
 - c. N ap swiv aplikasyon pasyan inisye a, n ap travay sou li epi detèmine elijibilite nan done twazyèm pati a ak zouti workflow a. Yap voye bay chak pasyan ki fè yon demand fòmèl pou èd finansyè yon lèt ki gen desizyon final la. Y ap pran 2 jou ouvrab pou pran yon desizyon sou Elijibilite Pwobab yon pasyan apre yon demand pou sèvis swen charite, aplikasyon pou èd medikal, oswa toude.
 - d. Si yon pasyan soumèt yon aplikasyon pou Èd Finansyè san enfòmasyon oswa dokiman ki nesèsè pou yon detèminasyon final sou elijibilite, yo pral voye yon demand alekri pou enfòmasyon ki manke oswa dokiman yo bay pasyan an. Demann ekri sa a ap gen enfòmasyon kontak tou (ki gen ladan nimewo telefòn ak kote fizik) biwo a oswa depatman ki ka bay enfòmasyon sou Pwogram Èd Finansyè a ak asistans avèk pwosesis aplikasyon an.

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 7 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		


- e. Pasyan an ap gen trant (30) jou apati dat yo bay demand alekri sa a pou li soumèt enfòmasyon oswa dokiman yo mande yo pou yo konsidere li pou elijibilite. Si yo pa resevwa done yo nan yon delè 30 jou, y ap voye yon lèt refi pou di dosye a fenmen poutèt pasyan an pa voye dokiman yo mande yo. Pasyan an ka aplike ankò nan pwogram nan epi kòmanse yon nouvo dosye ak enfòmasyon oswa dokiman ki manke l ap soumèt 30 jou apre dat demann alekri li resevwa pou enfòmasyon/dokiman ki manke.
 - f. Pou nenpòt epizòd swen, Pwosesis Aplikasyon pou Èd Finansyè an ap kòmanse omwen 240 jou apre yo voye premye bòdwo bay pasyan an lè li fin egzeyate.
 - g. Yo dwe bay yon avi endividyèl konsènan règleman lopital la nan zafè swen charitab anvan admisyon oswa pandan admisyon chak grenn moun kap chèche jwenn sèvis nan lopital la.
3. Pral gen yon sèl pwosesis aplikasyon pou UMMC, MTC, UMROI, UMSJMC, UMBWMC, UMSMCC, UMSMCD, UMSMCE, UMCRCM, UCHS, ak UM Capital. Yo egzije pou pasyan bay yon Aplikasyon Èd Finansyè li ranpli aloral oswa alekri. Anplis de sa, yo gen dwa mande sa ki annapre yo:
- a. Yon kopi dènnye Deklarasyon Taks sou Revni Federal yo (si yo marye epi li ranpli separeman, epitou yon kopi deklarasyon taks konjwen an); prèv revni andikap (si sa aplikab), prèv revni sekirite sosyal (si sa aplikab). Si li pap travay, prèv rezonab chomaj li tankou deklarasyon ki sòti nan Biwo pou Asirans Chomaj, yon deklarasyon ki soti nan sous aktyèl soutyen finansye, elatriye...
 - b. Yon kopi souch chèk travay ki pi resan yo (si lap travay) oswa lòt prèv ki montre revni.
 - c. Yon avi sou detèminasyon asistans medikal (si sa aplikab).
 - d. Kopi bòdwo ipotèk oswa Afèmaj (si sa aplikab), oswa lòt dokiman alekri sou sitiyasyon lojman aktyèl li.
- Si yon pasyan soumèt alafwa yon kopi dènnye deklarasyon taks sou revni federal ak yon kopi souch ki pi resan yo (oswa lòt prèv sou revni), epi sèlman youn nan 2 dokiman yo endike elijibilite pou èd finansyè, dokiman ki pi resan an ap dikte elijibilite. Yap aksepte prezantasyon aloral enfòmasyon yo bezwen yo, kote sa apwopriye.
4. Anplis kalifikasyon li pou Èd Finansyè ki baze sou revni, yon pasyan ka kalifye pou Èd Finansyè swa atravè mank asirans sifizan oswa depans medikal egzajere ki baze sou kritè difikilte finansye yo diskite anba la. Yon fwa yon pasyan soumèt tout enfòmasyon ki nesèsè yo, Konseye Finansye a pral revize epi analize aplikasyon an e voye l bay Depatman Sèvis Finansye Pasyan an pou yon detèminasyon final pou elijibilite, baze sou direktiv UMMS yo.

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 8 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

- a. Si yo wè aplikasyon pasyan an fèt pou Èd Finansyè an konplè e apwopriye, Kowòdonatè Finansye an ap rekòmande nivo elijibilite pasyan an e voye aplikasyon an pou yon dezyèm apwobasyon final.
 - i. Si pasyan an kalifye pou Èd Finansyè, Kowòdonatè Finansye a ap avèti anplwaye klinik yo ki ,lè sa a, ap kapab bay pasyan an randevou pou sèvis ki apwopriye nan lopital la.
 - ii. Si pasyan an pa kalifye pou Èd Finansyè, Kowòdonatè Finansye an ap fè anplwaye klinik yo konnen ki detèminasyon yo te pran e yo pap bay randevou pou sèvis ki pa ijan nan lopital la.
 1. Yon desizyon ki di yo pa ka pwogame pasyan pou sèvis nan lopital, ki pa ki pa ijans/ ijan ka jwenn konsiderasyon Komite Egzekitif Apwobasyon Finansye, sou demann yon responsab klinik.
5. Yon fwa yo apwouve yon pasyan pou Èd Finansyè, Kouvèti Èd Finansyè a efektif pou mwa detèminasyon an ak yon ane anvan detèminasyon an. Sepandan, yon lopital UMMS ka decide pwolonje peryòd elijibilite pou Èd Finansyè a pi lwen nan tan pase a oswa pi devan an sou yon baz ka-pa-ka. Si yo bay sèvis swen sante adisyonèl apre peryòd yo apwouve a, pasyan an dwe aplike ankò pou jwenn otorizasyon pou pwogram nan. Anplis sa, Depatman Pwogram Èd Finansyè an dwe resevwa enfòmasyon sou tout chanjman nan revni, byen, depans oswa sitiyasyon fanmi pasyan an. Tout aktivite Aksyon Rekouvremant Estrawòdinè, jan yo defini anba a, ap sispann yon fwa yo fin apwouve èd finansyè pou pasyan an epi pasyan an fin peye tout balans ki sou responsabilite li.
6. Balans Kont ki pa te peye yo ka transfere nan Move Dèt (swen yo di ki san konpansasyon) epi ka refere bay yon ajans rekouvremant deyò oswa bay avoka lopital UMMS la pou aktivite legal ak / oswa rekouvremant. Aktivite rekouvremant yon ajans rekouvremant oswa avoka lopital la pran sou non lopital la ka gen ladan Aksyon Ekstraòdinè Rekouvremant sa yo (ECAs):
 - a. Rapòte enfòmasyon negatif sou moun nan bay ajans evalyasyon kredi konsomatè oswa biwo kredi.
 - b. Kòmansman yon aksyon sivil kont moun nan.
 - c. Mete yon lyen sou pwopriyete yon moun. Tribinal la pral mete yon privilèj sou rezidans prensipal yo nan Baltimore City. Lopital la pa pral pouswiv sezi yon rezidans prensipal men li ka kenbe pozisyon kòm kreyansye sekirize si yo vin pou sezi pwopriyete a nan lòt kondisyon.
 - d. Atache oswa sezi kont labank yon moun oswa nenpòt lòt pwopriyete pèsònèl.
 - e. Sezi arè sou salè yon moun.

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 9 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

7. Yo ka pran ECAs yo sou kont ki pa diskite oswa ki pat gen yon aranjman pèman. ECAs sa yo ap fèt pa pi bonè pase 120 jou ki vini apre yo soumèt premye bòdwo an bay pasyan an, epi yo pral voye yon avètisman 30 jou anvan yo kòmanse aksyon ECA a. Avi alekri sa a ap presize èd finansyè ki disponib pou moun ki kalifye yo, idantifye ECA yo lopital la (oswa ajans rekouvremant li yo, avoka, oswa lòt pati otorize) gen entansyon jwenn peman pou swen an, epi endike yon dat limit apre ECA sa yo ta dwe inisyè. Li pral gen ladan tou yon Fèy Enfòmasyon sou Faktirasyon Pasyan ak Èd Finansyè. Anplis sa, lopital la pral fè efò rezonab pou kominike oralman disponiblite èd finansyè bay pasyan an epi di pasyan an kijan li ka jwenn asistans avèk pwosesis aplikasyon an. Yon revizyon elijibilite prezonptif pral fèt anvan yo pran nenpòt ECA. Finalman, pa gen okenn ECA yo pral inisyè jiskaske yo jwenn apwobasyon nan Sik Reveni CBO a. UMMS pa pral angaje nan ECA sa yo:
 - a. Vann dèt bay yon lòt pati.
 - b. Chaje enterè sou bòdwo pasyan yo fè anvan yo jwenn yon jijman tribinal
8. Si yo detèmine pasyan an pa kalifye, y ap fè tout efò posib pou kolekte kopèman, dediktib oswa yon pousantaj balans yo atann pou sèvis la, anvan dat sèvis la, oswa yo gen dwa voye balans la nan koleksyon nan dat sèvis la.
9. Y ap voye yon lèt desizyon final bay chak pasyan ki te soumèt yon aplikasyon fòmèl. Lèt la ap notifiye pasyan an alekri sou detèminasyon elijibilite a (ki gen ladan, si sa aplikab, asistans pou moun sa a elijib) ak baz pou detèminasyon an. Si yo detèmine pasyan an elijib pou asistans ki se pa swen gratis, yo pral bay pasyan an tou yon deklarasyon bòdwo ki endike kantite lajan pasyan an dwe pou swen an apre yo fin aplike èd finansyè.
10. Desizyon sou ranbousman baze sou kilè yo te detèmine pasyan an ki pa ka peye konpare ak lè pasyan an te fè pèman yo. Yo gen dwa remèt lajan bay pasyan an sou fòm yon kredi sou balans lan, akòz pèman pasyan an fè, apre yo apwouve èd finansyè pou balans yo konsidere yo. Yap ranbouse pèman yo te resevwa pou swen pasyan an te jwenn pandan peryòd elijibilite pou èd finansyè a, si kantite lajan an depase responsablite pasyan an de \$5.00 oswa pi plis.
11. Si yo detèmine yon pasyan ki kalifye pou èd finansyè, lopital la (ak / oswa ajans koleksyon li yo oswa avoka) ap pran tout mezi ki rezonab ki disponib pou ranvèsè nenpòt ECA ki te pran kont pasyan an pou jwenn peman pou swen yo bay pandan fenèt elijibilite èd finansyè a. Kalite mezi rezonab sa yo ki disponib pral gen ladan yo mezi pou kite nenpòt jijman kont pasyan an, leve


 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 10 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

prelèvman oswa privilèj sou pwopriyete pasyan an, epi retire nan rapò kredi pasyan an nenpòt enfòmasyon negatif ki te rapòte bay yon ajans rapò konsomatè oswa biwo kredi.

12. Pasyan ki gen aksè ak lòt swen medikal (paregzanp, asirans primè ak segondè oswa yon pwofesyonèl medikal obligatwa, sa yo rele tou yon “carve-out”) dwe itilize epi epize tout benefis rezo yo anvan yo aplike pou Pwogram Èd Finansyè a.
13. Pwogram Èd Finansyè a ap aksepte aplikasyon èd finansyè konplè Faculty Physicians, Inc. (FPI) lan nan detèmine elijibilite pou pwogram Èd Finansyè UMMS. Sa a gen ladan aksepte kondisyon aplikasyon FPI yo.
14. Pwogram Èd Finansyè a ap aksepte tout lòt aplikasyon pou èd finansyè lopital UMMS yo nan detèmine elijibilite pou pwogram nan. Sa a gen ladan aksepte fòma aplikasyon chak lopital.
15. Pwogram Èd Finansyè a pa kouvri Akomodasyon ak Repa Sipèvize pandan yon pasyan nan Pwogram Jounen an.
16. Kote ki gen yon benefis edikasyonèl ak / oswa imanité konvenab, anlwaye nan klinik la ka mande pou Komite Egzekitif Otorizasyon Finansyè konsidere eksepsyon nan direktiv Pwogram Èd Finansyè yo, sou yon baz ka-pa-ka, pou apwobasyon Èd Finansyè.
 - a. Pwofesè ki mande otorizasyon finansyè / Asistans sou yon baz eksepsyon dwe soumèt jistifikasyon ki apwopriye bay Komite Egzekitif Finansyè otorizasyon an davans pasyan an k ap resevwa sèvis yo.
 - b. Direktè Medikal la ap notifie doktè ki patisipe a ak anlwaye Èd Finansyè a sou detèminasyon Komite Egzekitif Finansyè a.

Difikilte Finansyè

Y ap pran ankonsiderasyon depans medikal ki fèt san asirans nan swa UMMC, MTC, UMROI, UMSJMC, UMBWMC, UMSMCC, UMSMCD, UMSMCE, UMCRMC, UCHS, ak UM Capital nan detèmine elijibilite yon pasyan pou Pwogram Èd Finansyè a. Direktiv annapre yo dekri yon detèminasyon siplemantè apa pou Èd Finansyè, ki rele Difikilte Finansyè. Yap ofri Difikilte Finansyè bay tout pasyan ki aplike pou Èd Finansyè e yo detemine ki elijib.

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 11 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

Asistans finansyè pou rezon medikal disponib pou pasyan ki pa kalifye pou Èd Finansyè dapre direktiv prensipal politik sa a, men pou moun:

1. Dèt medikal yo te fè nan UMMC, MTC, UMROI, UMSJMC, UMBWMC, UMSMCC, UMSMCD, UMSMCE, UMCRM, UCHS, ak UM Capital depase 25% nan revni anyèl fanmi an, ki kreye pwoblèm finansyè pou rezon medikal.


Pou pasyan yo ki kalifye pou alafwa, Swen a pi bon mache dapre kritè prensipal Èd Finansyè yo epi tou dapre kritè Asistans pou difikilte Finansyè, UMMC, MTC, UMROI, UMSJMC, UMBWMC, UMSMCC, UMSMCD, UMSMCE, UMCRM, UCHS, ak UM Kapital ap bay rabènan pri yo, ki se balans yo dwe a ki pi gran pase 25% nan revni total nan kay la chak ane.

Difikilte Finansyè defini kòm depans etablisman yon fanmi fèt nan UMMC, MTC, UMROI, UMSJMC, UMBWMC, UMSMCC, UMSMCD, UMSMCE, UMCRM, UCHS, ak UM Capital pou tretman medikal nesèsè sou yon peryòd douz (12) mwa ki depase 25% revni anyèl fanmi sa.

Dèt medikal defini kòm depans nan pòch pou depans etablisman ki fèt nan UMMC, MTC, UMROI, UMSJMC, UMBWMC, UMSMCC, UMSMCD, UMSMCE, UMCRM, UCHS, ak / oswa UM Capital pou tretman nesèsè sou plan medikal.


Yon fwa yo apwouve yon pasyan pou Asistans Difikilte Finansyè, pwoteksyon an ap anvigè pou mwa premye dat sèvis elijib la ak yon ane anvan detèminasyon an. Sepandan, yon lopital UMMS ka deside pwolonje peryòd elijibilite an nan ka ta gen difikilte finansyè pi lwen nan tan lontan oswa nan lavni sou yon baz ka pa ka depandan peryòd maladi/epizòd swen an. L ap kouvri pasyan an ansanm ak manm fanmi pwòch kap viv nan kay la pou pri redwi yo apwouve a epi peryòd elijibilite pou tretman medikal nesèsè.

Tout lòt elijibilite, diskalifikasyon, ak pwosedi pou kritè prensipal pwogram Èd Finansyè a aplikab pou kritè Èd pou Difikilte Finansyè a, sof si yo di lekonntrè anwo a.

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 12 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

Apèl

- Si yo refize aplikasyon yon pasyan pou èd finansyè, li gen opsyon pou fè apèl kont desizyon an.
- Apèl yo ka fèt aloral oswa alekri.
- Yo ankouraje pasyan yo pou yo soumèt lòt sipò ki jistifye poukisa yo ta dwe anile refi a.
- Yo dokimante apèl yo nan baz done tyès pati ak zouti workflow a. Apre sa, yon lòt administratè, ki gen plis otorite pase reprezantan ki te refize premye aplikasyon an, revize li.
- Si premye nivo apèl la pa lakòz yo chanje lide sou refi a, pasyan an ka chwazi ale pi wo toujou sou echèl administasyon an, pou jwenn pi plis konsiderasyon toujou.
- Eskalad la ka monte jouk li rive sou Responsab Finansye a ki pral pran yon desizyon final.
- Yap voye yon lèt ki gen desizyon final la bay chak pasyan ki fè yon apèl fòmèl.

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 13 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

ATACHMAN:

ATACHMAN A

Glisman Echèl - Pri redwi nan swen


Limit Povrete Federal (FPL, nan lang angle) 2021 e Depatman Sante ak ljen Mantal Maryland (DHMH, nan lang angle) Gid Limit Eljibilite Revni Anyèl			UMMS 100% charite	UMMS 90% Charite	UMMS 80% Charite	UMMS 70% Charite	UMMS 60% Charite	UMMS 50% Charite	UMMS 40% Charite	UMMS 30% Charite	UMMS 20% Charite	UMMS 10% Charite
Gwosè-kay la (HH)			Egal jiska 200% limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 210% nan limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 220% nan limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 230% nan limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 240% nan limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 250% nan limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 260% nan limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 270% nan limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 280% nan limit Revni Anyèl MD DHMH	Egal jiska 290% nan limit Revni Anyèl MD DHMH
Limit Eljibilite Revni Anyèl FPL 2021	Limit Eljibilite Revni Anyèl MD DHMH 2021	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:	Si nivo revni HH anyèl total ou a nan oswa pi ba a:
Gwosè	Jiska	Jiska	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm	Jiska Maksimòm
1	12,760	\$17,785	\$35,570	\$37,349	\$39,127	\$40,906	\$42,684	\$44,463	\$46,241	\$48,020	\$49,798	\$53,354
2	17,240	\$24,045	\$48,090	\$50,495	\$52,899	\$55,304	\$57,708	\$60,113	\$62,517	\$64,922	\$67,326	\$72,134
3	21,720	\$30,305	\$60,610	\$63,641	\$66,671	\$69,702	\$72,732	\$75,763	\$78,793	\$81,824	\$84,854	\$90,914
4	26,200	\$36,581	\$73,162	\$76,820	\$80,478	\$84,136	\$87,794	\$91,453	\$95,111	\$98,769	\$102,427	\$109,742
5	31,800	\$42,841	\$85,682	\$89,966	\$94,250	\$98,534	\$102,818	\$107,103	\$111,387	\$115,671	\$119,955	\$128,522
6	37,400	\$49,100	\$98,200	\$103,110	\$108,020	\$112,930	\$117,840	\$122,750	\$127,660	\$132,570	\$137,480	\$147,299

*Tout rabè ki endike anwo a dwe aplike a kantite lajan pasyan an responsab pèsònèlman pou peye apre ranbousman asirans lan.

*Kantite lajan yo faktire bay pasyan ki elijib pou Depans Swen Redwi nan yon Echèl Glisman (oswa Èd pou Difikilte Finansye) a p pi ba pase kantite lajan ki tipikman faktire bay sila ki gen asirans (AGB), ki nan Maryland se frè Komisyon Konsèy Revizyon Pri Sèvis Sante yo (HSCRC). UMMS detèmine AGB a lè l sèvi avèk kantite lajan Medicare ta pèmèt pou swen an (ki gen ladan kantite lajan benefisyè a ta dwe pèsònèlman responsab pou l peye, ki se montan HSCRCa; yo rele sa "metòd pwospektiv Medicare").

Anvigè 1/7/21

PWOPRIYETE POLIS LA:

 UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM Biwo Biznis Santral	PAJ: 14 SOU 14	NIMEWO RÈGLEMAN: CBO - 01
	DAT ANTRE AN VIGÈ: 09/18/19	DAT REVIZYON: 10/19/2020
SIJÈ: Èd Finansyè		

UMMS CBO

APWOUVE:

Komite Konfòmite Egzekitif la ki te apwouve Premye Politik la: 09/18/19

Komite Konfòmite Egzekitif la ki te apwouve Revizyon yo: 10/19/2020